ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№88 (23.246) ● 2016 гъэм накъыгъэм (майм) и 12, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



## КIуэкIуэ Юрий иригъэкIуэкIа зэIущIэр теухуауэ щытащ Налшык къалэ Мэлбахъуэм и уэрамым хуэзэу тет гъущI гъуэгу лъэмыжыр зэрызэкIэлъымыкIуэм

**А лъэмыжым и техническэ щытыкIэм КъБР-м и Iэтащхьэр еплъащ 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м.**

КIУЭКIУЭ ЮРИЙ иригъэкIуэкIа зэIущIэм щедэIуащ нэхъ япэкIэ яубзыхуа пщэрылъхэм япкъ иткIэ зэфIэгъэкIын хуейуэ къалъытэхэмрэ Налшык къалэ Мэлбахъуэм и уэрамым хуэзэу телъ гъущI гъуэгу лъэмыжыр зэгъэпэщыжыным цIыхухэр зэреплъыр убзыхуным къэрикIуахэмрэ. А лъэмыжым и щытыкIэр КъБР-м и Iэтащхьэм щIипщытыкIауэ щытащ 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м.

Экспертхэм къызэралъытэмкIэ, жиIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, лъэмыжым и щытыкIэр зэкIэлъымыкIуэщ икIи ар къэгъэсэбэпыным шынагъуэ пыщIащ. Гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ лъэмыж щIагъым щIэкI гъущI гъуэгум. Абы республикэм и къалащхьэм и уэрам нэхъыщхьэу 6 зэпеупщI икIи а гъуэгур махуэ къэс къагъэсэбэп дагъэ-гъэсыныпхъэхэр, шынагъуэ зыпылъ хьэлъэхэр ягъэIэпхъуэн папщIэ.

Зытепсэлъыхь Iуэхум езыхэр зэреплъыр зэIущIэм щыжаIащ КъБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Къудей Арсен, КъБР-м Гъуэгу хозяйствэмкIэ и управленэм и унафэщI Къуныжь Вячеслав, Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ Алэкъей Арсен сымэ.

Iуэхум и лъэныкъуэ псори зэпалъыта нэужь траухуащ лъэмыжыр трахыжыпэну икIи гъуэгур зыхуей хуагъэзэжыну. Мыбдежым къыщылъытэн хуейщ, къыхигъэщхьэхукIащ КъБР-м и Iэтащхьэм, лъэмыжым къегъэщIылIа предприятэхэм зэраныгъэ ягъуэт зэрымыхъунур.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

## Патриархыр КъБР-м къокIуэ

**2016 гъэм накъыгъэм и 15-м Налшык къыщызэIуахынущ Магдалинэ Марие тхьэпэлъытэм и члисэр. Абы теухуа дауэдапщэхэр иригъэкIуэкIынущ Москварэ Урысей псомрэ я Патриарх Кирилл.**



ЧЛИСЭР къызэIуахынущ ди республикэр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ. Ар щагъэлъэпIэнур 2017 гъэрщ.

Члисэм и ухуэныгъэр 2004 гъэм яублат, ауэ 2009 гъэм лэжьыгъэр къызэтрагъэувыIауэ щытащ. Ухуэныгъэр и кIэм нагъэсащ иужьрей илъэситIым къриубыдэу. Лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым зэпымычу и нэIэ тригъэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

Патриарх Кирилл къыщыкIуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым православнэ радио къыщызэIуахынущ.

## Дэфтэрхэр иратыж

**ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу Бахъсэн щIыналъэм щекIуэкIащ зауэлIитIым - Шэт Хьэжкъасымрэ Джэдгъэф Къанщобийрэ - иратын хуея СССР-м и дамыгъэ къыхуагъэфэщауэ щытахэм я дэфтэрхэр абыхэм я Iыхьлыхэм щыIэрагъэхьэжа зэIущIэ. Дэфтэрхэр ятыжащ Бахъсэн щIыналъэм и администрацэм и унафэщI Сыжажэ Хьэсэнрэ Бахъсэн къалэм, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм я дзэ комиссар Соснальы Мухьэмэдрэ.**

- ЛIЫГЪЭМ пIалъэ иIэкъым. Хэку зауэшхуэм хэта сэлэтхэм я фэеплъыр сыт щыгъуи лъапIэщ. ТекIуэныгъэ къытхуэзыхьахэм теухуауэ сыт хуэдэ Iуэху къыкъуэкIми ди къалэнщ абыхэм дыхэтыну, нэхъыжьхэм гулъытэ яхуэтщIыну, - жиIащ Сыжажэ Хьэсэн.

ЗауэлIхэм ятеухуауэ щыIэ дэфтэрхэр къэзылъыхъуэж Нэхущ Ахьмэд къыхигъэщащ Шэт Хьэжкъасым лIыхъужьу зауэм зэрыхэкIуэдар, къэрал дамыгъэ къыхуагъэфэщар кърат ыжынуи хунэмысу. Джэдгъэф Къанщобий къигъэзэжри, 2010 гъэ пщIонди псэужащ. И Iыхьлыхэм ящIэж, зыгуэр кърат ыжын хуейуэ жиIэу зэрыщытар, ауэ «дежьэным» къыфIигъэкIыртэкъым. ЗауэлIхэм я Iыхьлыхэм псалъэ гуапэ куэд жраIащ лъыхъуакIуэхэу Нэхущ Ахьмэдрэ Дианэрэ. ЛъыхъуакIуэхэм я фIыгъэкIэ абыхэм къаIэрохьэж я лIыхъужьхэм теухуа хъыбархэр. ЗэIущIэр дахэу къызэрызэригъэпэщам папщIэ фIыщIэ хуащIащ район администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэни.

**АБАЗЭ Лерэ.**

## «Спартак-Налшыкым» зеIэтыж!



● Хъыбар гуапэ

«Спартак-Налшыкым» и футболистхэмрэ тренерхэмрэ гуфIэгъуэр зэдагуэш.

**«Спартак-Налшык» - чемпион! А псалъэхэр гуфIэжу иджыпсту ину ягъэIу Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым щыдихьэххэм. Абыхэм фIыуэ ялъагъу командэр зэхьэзэхуэр иухыным иджыри джэгугъуищ иIэжу Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щытекIуащ.**

АПХУЭДЭ дыдэу къэхъуауэ щытащ 1995 гъэми. Абы щыгъуэм ар щIэдзапIэ хуэхъуащ налшыкдэсхэм лъагэу заIэтыным икIи илъэсипщI дэкIри, зэи дымылъэгъуауэ, ди республикэм и командэ нэхъыщхьэр къэралым и гуп нэхъыщхьэм - премьер-лигэм - хыхьащ. Ирехъу мы текIуэныгъэри «Спартак-Налшкым» и ехъулIэныгъэщIэхэм я къежьапIэ.

2015/2016 гъэхэм екIуэкI мы зэхьэзэхуэм ди щIалэхэм фIыуэ зыхуагъэхьэзыращ. Нэгъабэ и бадзэуэгъуэ мазэм зэхаубла япэ джэгугъуэм щыщIэдзауэ абыхэм я хьэрхуэрэгъу псори хагъащIэ хъуащ икIи турнир таблицэм бжьыпэр щаубыдри, нобэр къыздэсым зэи яутIыпщакъым. Зэхьэзэхуэр иухыным тхьэмахуищ иIэжу дыщэ медалхэр къызэрахьари яхуэфащэ дыдэщ.

(КIэухыр 4-нэ нап.).




### ЦIыхухэм ябгхэр щIакъуэзэну къыхелъхьэ

**УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къэралым 2016 - 2019 гъэхэм зэрызиужьыну щIыкIэр къыщыгъэлъэгъуа и проектым щиубзыхуащ иджыпсту зэрыт щытыкIэм къызэрикIыну щIыкIэр.**

Урысей экономикэр и пIэм зэриуджыхьыр къызэрызэранэкIыну Iэмалу къыхалъхьар зигу ирихьын лэжьакIуэ къэгъуэтыгъуейщ - абыхэм я мурадщ улахуэхэр ягъэмэщIэну. ЦIыхухэм я хэхъуэхэр 2016 гъэм проценти 2,8-кIэ, 2017 гъэм - 0,3-кIэ ягъэмэщIэну я гугъэщ. Пенсэхэм кIэраудынур нэхъыбэжщ: дызэрыт илъэсым проценти 4,8-кIэ, 2017 гъэм - процентитIкIэ нэхъ мащIэ ящIыну къыхалъхьэ. ЦIыхухэм я хэхъуэхэм хэхъуэжу щыхуежьэнур 2018 гъэрщ икIи иджыпсту щыIэ мардэхэм щынэсыжынур 2019 гъэрщ.

### Визэншэу зэкIэлъыкIуэну хуитщ

**Украинэм, Куржым, Косовэм щыпсэухэр Европэм и къэралхэм визэншэу кIуэну хуит хъуащ. Апхуэдэу жиIащ ЕС-м и лIыкIуэ Хан Йоханнес.**

А Iуэхур тэмэму зэтеухуэным пыщIа лэжьыгъэхэр иджыри йокIуэкI, ауэ Европэм и гъунапкъэр украинхэмрэ куржыхэмрэ яхузэIуихащ. Хан Йоханнес къыхигъэщащ зи гугъу ищI щIыналъищым щыпсэухэм апхуэдэ хуитыныгъэ яIэн папщIэ къэралхэм хуагъэува псори нэсу зэрагъэзэщIар.

Тыркум и гугъу щищIым жиIащ абы щыпсэухэм апхуэдэ хуитыныгъэ зэкIэ зэрамыIэр. Апхуэдэу щытми, Тыркум и гъунапкъэр ЕС-м хыхьэ къэралхэм я цIыхухэм яхузэIуихакIэщ.

## НОБЭ

**♦Медсестрам и дунейпсо махуэщ**

**♦Израилым и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

♦**1731 гъэм** Ладогэ псыдэжыпIэм кхъухьхэр щызекIуэу хуежьащ.

♦**1945 гъэм** советыдзэхэм Прагэ къалэр нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦Абхъазым и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Шинкубэ Бэгърат** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Совет усакIуэ, тхакIуэ, архитектор, жылагъуэ лэжьакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Вознесенский Андрей** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Публицист, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Уэрыш Нурхьэлий** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс еджагъэшхуэ, IуэрыIуатэдж, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Брат Хьэсин** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 10 - 13 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Дыгъужьым и нэр жейми, и гур жейркъым.**

## «Ислъэмейр» лIэщIыгъуэ плIанэ ирокъу

**Лъэпкъ къафэмрэ макъамэмкIэ «Ислъэмей» Адыгейм и къэрал ансамблым накъыгъэм и 12-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м Музыкэ театрым нэгузыужь концерт щет.**

● Гу зылъытапхъэ

АДЫГЭХЭР зэуIуу щыпсэу щIыналъэхэм концерт зэкIэлъыкIуэ щызыт гупым я уэрэд къыхэщыпыкIахэмкIэ фIыуэ зылъагъу псори ягъэгуфIэнущ. Ансамблыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ щрикъум ирихьэлIэу. 1991 гъэм къызэрагъэпэща ансамблыр Адыгэ Республикэм и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхъэщ, лъэпкъыбэ къэралым и макъамэ щэнхабзэм абы пэхъун хэткъым.

Гупым и къызэгъэпэщакIуэри и художественнэ унафэщIри Урысейм, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ артист, Урысей Федерацэмрэ Адыгеймрэ я къэрал саугъэтхэм и лауреат, композитор Нехай Аслъэнджэрийщ.

«Ислъэмей» ансамблым лъэпкъ щэнхабзэр хъумэным гулъытэ лъагэ хуещI, цIыхубэ уэрэдхэм увыпIэ щхьэхуэ ирегъэубыд. Лъэпкъым и тхыдэр екIуу утыку ирехьэ, адыгэм и цIэр дунейм фIыкIэ, дахэкIэ къыщрегъэцIыху.

Билет къэзыщэхуну хуейхэр 77-42-08 телефонымкIэ фыпсалъэ хъунущ.

● ДАХ

## Щыгъуэ-щIэж махуэм зыхуагъэхьэзыр

**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий дыгъуасэ ДАХ-м и IуэхущIапIэм зэIущIэ щригъэкIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 152-рэ зэрырикъум ехьэлIа Iуэхугъуэхэр Налшык щегъэкIуэкIыным, дяпэкIэ лъэпкъым къыпэщылъ махуэ хэхахэр къызэрызэгъэпэщыпхъэм.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор**, КъБР-м экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщIэтынымкIэ и министр **Къуэшрокъуэ Залым**, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, щIалэгъуалэр.

Зэхуэсыр къыщызэIуихым, **Сэхъурокъуэ Хьэутий** жиIащ Щыгъуэ-щIэж махуэм, гъэ къэси хуэдэу, шууейхэри, лъэсрыкIуэхэри Ленинным и уэрамым къырикIуэу фэеплъым деж зэрыщызэхуэсынур, пэкIу зэрыщекIуэкIынур, накъыгъэм и 20-м и пщыхьэщхьэм Псэ жыгым деж щIалэгъуалэм уэрэдыжьхэр зэрыщыжаIэнур.

ЕкIуэкI хабзэ Iуэхугъуэхэм иджыри къыхалъхьэну хуейхэм, щIалэгъуалэм шыIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ яхэлъу мы махуэм зэрыхэтыпхъэм теухуауэ къэпсэлъащ зэIущIэм кърихьэлIахэр.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

## Илъэси 100-р Зейнаф егъэлъапIэ

**Тырныауз къалэм щыпсэу Хаджиевэ Зейнаф илъэси 100 зэрырикъуар игъэлъэпIащ 2016 гъэм накъыгъэм и 3-м. Тырныауз къалэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Ахъмэт Марат абы иритыжащ УФ-м и Президент Путин Владимиррэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ я хъуэхъу телеграммэхэр. Ар нэхъыжьым ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ иIэну.**

ХАДЖИЕВЭ ЗЕЙНАФ 1916 гъэм Шэрэдж щIыналъэм хыхьэ Балъкъэр Ипщэ къуажэм къыщалъхуащ. Илъэс 17 хъууэ арат пщащэр колхозым щыхыхьам. Балъкъэр лъэпкъыр хэкум щрагъэкIам Къэзахъстаным ягъэкIуахэм ящыщщ Зеинаф и унагъуэр. ХамэщIми абы и лъэр щIигъэхуакъым, езэш имыщIэу губгъуэм илэжьыхьащ. Абы гу къылъатэри, «ГуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ» медалыр къыхуагъэфэщащ. Къэзахъстаным щыIэу ар псэгъу хуэхъуащ езым и лъахэгъу Урусбиев Мырзэкъул. Ахэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу илъэс 30-кIэ зэдэпсэуащ.

Хэкум къигъэзэжа нэужь, Зейнаф тыкуэнтету Тырныауз къалэм щылэжьащ. Бзылъхугъэм кърат ауэ щытащ «ГуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ. Ленин Владимир къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу» медалыр, Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьам папщIэ къыдагъэкIа юбилей медаль зыбжанэ. Хаджиевэ Зейнаф ящыщщ зи гуащIэм емыблэжахэм, лэжьыгъэм и ветеранщ.

Зейнаф гуауэшхуи илъэгъуащ - и хъыджэбзитI пасэу дунейм ехыжащ. Апхуэдэ гуауэми зримыгъэхьу, и бгыр щIикъуэзэри, и щIалэмрэ хъыджэбзымрэ ипIащ. Иджы къуэрылъху-пхъурылъхуи 6-рэ абыхэм я быныжу 14-рэ иIэщи, ахэр щIэх-щIэхыурэ лъагъунлъагъу къокIуэ фIыуэ ялъагъу анэшхуэм деж.

**ТАРИМ Алисэ.**
*Сурэтыр* **Елъкъэн Артур** *трихащ.*



Хаджиевэ Зейнаф и унагъуэр.

● Бахъсэн щIыналъэ

## Дэтхэнэми - сом мин 20

**Хэку зауэшхуэм текIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 71-рэ щрикъум ирихьэлIэу Бахъсэн щIыналъэм щыпсэу ветеранхэмрэ фызабэу къэнахэмрэ хуэзэу КъБР-м и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIыу дэтхэнэми сом мин 20 иратащ.**

БАХЪСЭН щIыналъэм и щIыпIэ самоуправленэм и унафэщI, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыным-кIэ IуэхущIапIэм и тхьэмадэ **Сэбан Руслан**, район администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ **Къанэмэт Рустам**, щIыналъэм и «Почта России» къудамэм и лIыкIуэхэр ветеран къэс я унэ кIуэуэрэ махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ.

**ЧЫЛАР Аринэ.**



● КъБР-м и Парламентым

# Хабзэмрэ сэрэ

**Урысейм и Къэрал Думэр илъэси 110-рэ щрикъум и щІыхькІэ, ЩІалэгъуалэ палатэм къыхалъхьэри, КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэ политикэмкlэ, Хабзэр хъумэнымрэ абы тетынымкlэ и комитетхэр къыдэlэпыкъуу республикэм и районхэм щрагъэкlуэкlащ «Хабзэмрэ сэрэ» зэпеуэ. ЕджакІуэхэм ятха эссехэм я нэхъыфІхэр зейр мэлыжьыхьым и 27-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм кърагъэблэгъат.**

НЫБЖЬЫЩІЭХЭМ яІущІащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, Егъэджэныгъэмкlэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкlэ и комитетым и унафэщІ Азычэ Светланэ, Хабзэр хъумэнымрэ абы тетынымкlэ и комитетым и унафэщІ Мовсисян Грант сымэ.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм къабгъэдэкІыу Жанатаевыр ехъуэхъуащ зэхьэзэхуэм щытекІуахэм.

- 1906 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м Къэрал Думэм и япэ зэІущІэр екІуэкІауэ щытащ. Зым и дежкІи щэхукъым депутатхэр цІыхубэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным телажьэу Думэр лъэхъэнэ нэхъ гугъухэми къызэрыпхыкlар. ЗэрыфщІэщи, Къэрал Думэм и VII Зэхуэсым хэтынухэр мы гъэм фокІадэ мазэм хахынущ. ИкъукІэ мыхьэнэшхуэ яІэу къысщохъу фызыхэта зэпеуэм хуэдэхэм. ЩІалэгъуалэм фщІэн хуейщ фыщыпсэу къэралым и ухуэкІэр, хабзэ нэхъыщхьэхэр, сыту жыпІэмэ, абы дяпэкІэ зэрызиужьынур зэлъытар фэращи, - захуигъэзащ еджакІуэхэм Жанатаев Сэлим.

Абы жиІам пищэу, Азычэ Светланэ къыхигъэщащ щІэблэм хабзэхэм хащІыкІыу, я хуитыныгъэхэр яхъумэжыфу щытын зэрыхуейр. «КъБР-м и ЩІалэгъуалэ палатэм илъэс къэс къызэригъэпэщхэм ящыщу гу лъывэзгъэтэнут «Моя законотворческая инициатива» зэхьэзэхуэм. Абы и республикэ Іыхьэм къыщыхэжаныкІхэм Іэмал яІэщ Москва кІуэуэ я Іуэху еплъыкІэхэр утыку нэхъ ин кърахьэну. ЩІалэгъуалэм я лъэр быдэу ягъэувыфын папщІэ, мэкъумэшым, егъэджэныгъэм, промышленностым ехьэлІауэ къэрал программэ зэмылІэужьыгъуэхэр щыІэщи, Іуэхухэм зефпщыт, зывужь», - жиІащ Азычэм.

ЗэІущІэм еджакІуэхэмрэ депутатхэмрэ щызэпсэлъащ Іулъхьэм зэрыпэщІэтым, республикэм егъэджэныгъэмкlэ щрагъэкlуэкl лэжьыгъэхэм, КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм, нэгъуэщІхэми теухуауэ. Апхуэдэуи ныбжьыщІэхэр щІэупщІащ псапэ зыпылъ Іуэхухэм депутатхэр зэрыхэтым. «Зэрыхъукlэ, дауи, дэтхэнэ депутатри хущІокъу зыхузэфІэмыкІхэм ядэІэпыкъуну. АбыкІэ дэ щапхъэ дыхъун хуейщ», - жиІащ Мовсисян Грант.

ЗэІущІэм ныбжьыщІэхэм щІыхь тхылъхэр къыщратыжащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Лъэпкъым и къэкІуэнум и лъабжьэ

● Узыншагъэ



**Мэлыжьыхьым и 22 - 23-хэм Налшык щызэхэтащ «Университетская клиника» щІэныгъэ-практикэ зэІущІэ. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэмрэ Евдокимовым и цІэр зэрихьэу Москва дэт къэрал медико-стоматологие университетымрэ (МГМСУ) зэдэлэжьэну зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм хэту ар къызэрагъэпэщащ. Зэхыхьэм кърихьэлІащ УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм, Москва узыншагъэр хъумэнымкІэ и департаментым я ІэщІагъэлІ нэхъыщхьэхэр, Курган къалэ дэт Илизаровым и цІэр зезыхьэ Урысей щІэныгъэ центрым и унафэщІыр, нэгъуэщІхэри.**

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэнымкІэ министр **Шэт Ирмэ** медицинэ щІэныгъэ-практикэ зэІущІэр къыщызэІуихым Іуэхум къежьапІэ хуэхъуам кІэщІу тепсэлъыхьащ.

- «Университетская клиника» Іуэху щхьэпэр зэредгъэжьамкІэ МГМСУ-м и ректор, профессор Янушевич Олегрэ проектым и унафэщІ академик Крылов Владимиррэ фІыщІэ яхузощІ, - жиІащ Шэт Ирмэ. - КъБР-м и Іэтащхьэм гулъытэ хуещІ республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и ІэнатІэр егъэфІэкІуэным, медицинэм и лэжьакІуэхэм я Іэзагъэм хэгъэхъуэным теухуауэ едгъэкІуэкІ Іуэху псори къыддеІыгъ. Иужьрей илъэсхэм а унэтІыныгъэм зегъэужьыным мылъкушхуэ трагъэкІуэдащ, ІэщІагъэлІхэми къахэхъуащ. Мы зэманым федеральнэ проектхэмрэ программэхэмрэ ягъэзащІэ, медицинэ ІуэхущІапІэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр къагъэщІэрэщІэж, зыхуей Іэмэпсымэхэмкlэ къызэрагъэпэщ, сымаджэщхэм къудамэщІэхэр къыщызэІуах, фІагъ лъагэ зиІэ технологие лъэщхэр къагъэсэбэп. Апхуэдэу щытми, дохутырхэм я щІэныгъэм хамыгъахъуэмэ, я Іэзагъэр ирамыгъэфІакІуэмэ, медицинэм щІэуэ къыхыхьэ Іэмал псори нэсу къахуэгъэсэбэпынукъым.

Республикэм и медицинэ ІуэхущІапІэхэм щылажьэхэм я мызакъуэу, дохутыр хъуну студентхэмрэ аспирантхэмрэ пэшым зэрыщІэсыр, гъунэгъу республикэхэм щыщ ІэщІагъэлІхэри къазэрыхуеблэгъар къыхигъэщащ министрым.

КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и декан **Мизиев Исмэхьил** къыщыпсалъэм республикэм и медицинэ ІэнатІэм зиужьынымкІэ зэІущІэм и мыхьэнэр зэрылъагэр жиІащ. Абы къыхигъэщащ езыр зи унафэщІ медицинэ факультетыр къызэрызэІуахрэ мы гъэм илъэс 50 зэрырикъур, а пІалъэм къриубыдэу еджапІэм ІэщІагъэлІ мини 6,5-рэ зэригъэхьэзырар, я гъэсэнхэр республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и ІэнатІэм ехъулІэныгъэхэр яІэу зэрыщылажьэр, нэгъуэщІ щІыпІэхэми я цІэр фІыкІэ зэрыщыІуар.

УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм штатым хэмыт и нейрохирург нэхъыщхьэ, академик **Крылов Владимир** республикэм и Іэтащхьэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрымрэ фІыщІэ яхуищІащ Іуэху щхьэпэр къызэрыдаІыгъамкІэ, ар екІуу къызэрызэрагъэпэщамкІэ.

- «Университетская клиника» проектым егъэджэныгъэр, клиникэ лъэжьыгъэр, щІэныгъэр къыззэщІеубыдэ, икІи а унэтІыныгъэхэр адэкІи зэредгъэфІэкІуэным Іуэхур хуэунэтІащ, - жиІащ абы.

Евдокимовым и цІэр зэрихьэу Москва дэт къэрал медико-стоматологие университетым и ректор, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор **Янушевич Олег** къыхигъэщащ «Университетская клиника» проектыр япэу ди республикэм зэрыщрагъажьэр икІи жиІащ а Іуэхум жыджэру къыпэджэжыну, я зэдэлэжьэныгъэм хагъэхъуэну зэрыщыгугъыр.

Налшык щызэхуэса щІэныгъэлІхэм стоматологиемкІэ, нейрохирургиемкІэ, неврологиемкІэ, гастроэнтерологиемкІэ, кардиологиемкІэ, урологиемкІэ, педиатриемкІэ, нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэмкІи лекцэхэр ирагъэкІуэкІащ, операцэ зэмылІэужьыгъуэхэм хэтащ.

МахуитІкІэ екІуэкІа зэхыхьэр къызэщІакъуэжу ирагъэкІуэкІа пресс-конференцым хэтащ МГМСУ-м и ректор, профессор Янушевич Олег, УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм штатым хэмыт и нейрохирург нэхъыщхьэ, академик Крылов Владимир, МГМСУ-м педиатриемкІэ и кафедрэм и унафэщІ Зайцевэ Ольгэ сымэ. КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым и къуэдзэ **Асанов Алим** пресс-конференцым и пэщІэдзэм зэІущІэм республикэм папщІэ иІэ мыхьэнэм, абы ди дохутырхэм я дежкІэ сэбэпынагъышхуэ зэриІэм тепсэлъыхьри, хьэщІэхэм псалъэ яритащ.

***Крылов Владимир:*** - Сосудистэ нейрохирургием Къэбэрдей-Балъкъэрым щигъуэта зыужьыныгъэм ущымыгуфІыкІынкІэ Іэмал иІэкъым. Гъэ кІуам иджыри зытемыгушхуэу щыта операцэхэр иджы фи дохутырхэм пщІы бжыгъэкІэ ящІ икІи хъарзынэу къохъулІэ. Ар куэдкІэ я фІыгъэщ республикэм дыкъакІуэурэ хирург ныбжьыщІэхэм дазэрыдэлажьэм, операцэ щытщІкІэ зыдэдгъэІэпыкъуурэ Іуэхум и пІалъэ къызэредгъащІэм. Къищынэмыщlауэ, Москва дэт клиникэхэм я Іэзагъэм щыхэзыгъахъуэхэри куэдщ. Абыхэм уащымыгуфІыкІын плъэкІыркъым. Лъынтхуэ узыфэхэм щеІэзэ щІыналъэ центр къызэрызэІуахам и фІыгъэкІэ сымаджэхэм ягъуэт дэІэпыкъуныгъэм и фІагъым хэхъуащ, япэм я узыншагъэм кІэлъагъэплъын папщІэ нэгъуэщІ щІыналъэхэм кІуэуэ щытамэ, иджы зыхуэныкъуэ медицинэ Іуэхутхьэбзэр мыбы къыщыхуащІэ. Си гуапэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ Лъынтхуэ узыфэхэм щеІэзэ щІыналъэ центрыр ди къэралым щынэхъыфІу къалъытэ апхуэдэ ІуэхущІапІипщІым зэрахыхьэр.

***Зайцевэ Ольгэ:*** - Къэбэрдей-Балъкъэрым ит сымаджэщхэм дыщыІащ, я Іуэху зытетыр ди нэкІэ зэдгъэлъэгъуащ, абы щылажьэхэм я ІэнатІэм гурэ псэкІэ зэрыбгъэдэтыр ди нэгу щІэкІащ. Фи дохутырхэм сымаджэщыр я унэ етІуанэущ къызэралъытэр, ягъэхъужхэм гуапэу яхущытщ, дэтхэнэми бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ къыхуагъуэту. Сыт и лъэныкъуэкІи сымаджэм и узыр зэрыщагъэпсынщІэным, и зэманым еІэзэну зэрыхущІэкъур нэрылъагъущ. Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и ІэнатІэр егъэфІэкІуэныр КъБР-м и Іэтащхьэм ткІийуэ и нэІэ зэрыщІэтыр зыхэтщІащ. Пэжщ, гугъуехь гуэрхэри щыІэщ, ауэ ахэри зэрызэфІахыным хущІокъу. Псом хуэмыдэу сигу ирихьащ Аллергологие центрым и лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщар. ЦІыхум и узыншагъэр къэпщытэнымкІэ, аллергие къезытыр зыхэгъэкІынымкІэ, сабийхэмрэ балигъхэмрэ а узыфэр ящыгъэпсынщІэнымкІэ ІуэхущІапІэр къызыхуэтыншэщ. Лъэпкъым и узыншагъэр къэкІуэнум и лъабжьэщ. Сэ сызэреплъымкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуэну узыншэ иІэщ.

***Янушевич Олег:*** - Ди университетым и гъэсэнхэм ящыщ жьэкъупщхьэ-нэкІу хирургиемкІэ ІэнатІэм и унафэщІу зэрылажьэр гуапэ сщыхъуащ. Сыхуейт фи цІыхухэм МГМСУ-м и клиникэм теухуа хъыбар ящІэну, абы урысей ІэщІагъэлІ нэхъыфІхэм я деж дэІэпыкъуныгъэ щагъуэтынущ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

● Си бзэ - си псэ, си дуней

# Псыгуэнсу дэт еджапІэр япэ йощ



Сурэтыр **Къарей Элинэ** трихащ

**КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэм къыдигъэкІа унафэм тету «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм къэрикІуахэм накъыгъэм и 10-м «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщІэщым щытепсэлъыхьащ.**

АНЭДЭЛЪХУБЗЭМКІЭ яІэ зэфІэкІымрэ хабзэм, нэмысым фІыуэ зэрыхащІыкІымкІэ щІыналъэм и еджапІэ нэхъыфІхэр яубзыхуащ. АдыгэбзэмкІэ зэпеуэм япэ увыпІэр щиубыдащ Аруан районым хыхьэ **Псыгуэнсу къуажэм дэт курыт школ №1-м. ЕтІуанэ увыпІэр** зэ**дагуэшащ Урыху** курыт **еджапІэ №2-мрэ** (Лэскэн район) **Хьэмидей** (Тэрч район) шк**олымрэ. Налшык** къалэ дэт **«Прогимназие №65»-р ещанэ хъуащ.**

БалъкъэрыбзэмкІэ зэхьэзэхуэм **япэ увыпІэр къыщихьащ Іуащхьэмахуэ районым хыхьэ Былым къуажэм дэт еджапІэм. ЕтІуанэ, ещанэ увыпІэхэр хуагъэфэщащ Налшык къалэ и гимназие №1-мрэ Кичмалкэ курыт школымрэ.**

УрысыбзэмкІэ зэпеуахэм ящыщу **япэ увыпІэр Прохладнэ районым и Солдатскэ жылэм лъагъэсащ, Май къалэ дэт курыт еджапІэ №2-р етІуанэ хъуащ.**

КъызэгъэпэщакІуэхэм къыхагъэщащ республикэ зэпеуэм мы гъэм хэта курыт еджапІэхэм егугъуу зэрызагъэхьэзырар. Накъыгъэ мазэм и кІэхэм ахэр щІыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмкІэ ягъэпэжэнущ.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

# Псоми зэдаІэт гуфІэгъуэ

**Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекІуэныгъэр илъэс 71-рэ зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ Іуэху нэхъыщхьэхэр Бахъсэн районым исхэм, хабзэ зэрыхъуам тету, щагъэлъэпІащ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм. Абы и ут нэхъыщхьэм щызэхуэсащ район администрацэм и унафэщІхэр, хабзэхъумэ органхэм, дин зэгухьэныгъэхэм, еджапІэхэм, щІалэгъуалэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, районым и къуажэ зэмылІэужьыгъуэхэм икІахэр.**

ПЭКІУР къызэІуахын и пэкІэ гъуэгу трагъэхьащ автомобиль зекІуэм хэтхэр. Абы къыкІэлъыкІуэу утыкум къихьащ дзэ лІэужьыгъуэ щхьэхуэхэм я фащэхэр зыщыгъ юнармеец 650-рэ. НыбжьыщІэ гупым къакІэлъыкІуэу блэкІащ Полк уахътыншэм хэт цІыху 320-р.

Махуэшхуэ пэкІур зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъыр здэщыт щІыпІэм деж къыщызэІуихащ къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Коваленкэ Леонид. И къуажэгъухэмрэ хьэщІэхэмрэ ТекІуэныгъэм и махуэмкІэ ехъуэхъури, абы псалъэ иритащ Бахъсэн районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн. Зауэ хьэлъэм и гузэвэгъуэхэр зыгъэва ди цІыхухэм зэрахьа лІыгъэм апхуэдэу тепсэлъыхьащ Бахъсэн районым и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Абазэ Анатолий, зауэм и ветеран Кобылкин Иван сымэ.

Накъыгъэм и 9-р гъэлъэпІэным пыщІа Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр пщыхьэщхьэ хъуху екІуэкІащ.

**ХЬЭШЫР Дадушэ.**

# ХэхакІуэ ныбжьыщІэм и махуэ

● Бахъсэн щІыналъэ



**Бахъсэн щІыналъэм щагъэлъэпІащ хэхакІуэ ныбжьыщІэм и махуэр. Ар щекІуэкІа район администрацэм къекІуэлІащ КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм, ЩІыпІэ самоуправленэм и щІыналъэ советым, районым и ХэхакІуэ комиссэм, ЕгъэджэныгъэмкІэ управленэм я лІыкІуэхэр, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым хэтхэр, еджакІуэхэм я самоуправленэхэм я унафэщІхэр.**

ЗЭІУЩІЭР къызэІуихащ район администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ **Ахъуэбэч Анзор**.

- Нобэ зэІущІэм кърихьэлІащ щІыналъэм и еджакІуэ нэхъыфІхэу дызэрыгушхуэхэр. Си фІэщ мэхъу еджакІуэ самоуправленэхэм щыпашэхэм адэкІи ехъулІэныгъэ зэраІэнур, - жиІащ абы.

Хэхыныгъэ Іуэхухэм щІалэгъуалэр жыджэру хагъэтын папщІэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІар жиІащ районым и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ **Бещтокъуэ Хьэмидбий**.

- Иджырей хэхыныгъэхэр зыхуэдэм теухуа джэгукІэхэр, зэпеуэхэр ди щІыналъэм и школхэм щедгъэкІуэкІащ, - пищащ Бещтокъуэм.

КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэ **Евтушенкэ Сергей** къыхигъэщащ ныбжьыщІэхэм хэхыныгъэм теухуауэ яІэ хуитыныгъэхэр зэрагъэщІэну зэрыхущІэкъум гу зэрылъитар.

ХэхакІуэ ныбжьыщІэм и махуэм щІыналъэм и школи 8-м щекІуэкІащ еджакІуэ самоуправленэхэм я пашэхэр щыхаха ІэІэтхэр. Апхуэдэ дзыхьыр зыхуэфащэу къалъыта ныбжьыщІэхэр тепсэлъыхьащ я мурадхэм, я хэхакІуэхэр ямыгъэщІэхъунуи къагъэгугъащ.

ХэхакІуэ ныбжьыщІэм и махуэм жыджэру хэтахэм иратащ КъБР-мрэ Бахъсэн районымрэ я хэхакІуэ комиссэхэм, ЕгъэджэныгъэмкІэ управленэм, «Урысей зэкъуэт» партым» къабгъэдэкІ щІыхь тхылъхэр.

ЗэІущІэм хэтахэм зэдыжаІащ «ДыпщІыгъуэщ, Урысей!» щІэныгъэм и гимныр.

**ЧЫЛАР Аринэ.**



Ахъуэбэч Анзор хэхакІуэ ныбжьыщІэр егъэлъапІэ.

● Абы дегъэпІейтей

# ЩІы Хъурейм къыпэщылъыр хэт зыщІэр?

**ЩІы Хъурейм тет къэралхэм я нэхъыбэм зы илъэс къэмынэу накъыгъэм и 12-м «ЦІыхухэм экологие щІэныгъэ егъэгъуэтыным и махуэ» зыфІаща Іуэхугъуэхэр щрагъэкІуэкІ. Абы теухуа унафэр къыщащтауэ щытар ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и зэІущІэу Бразилием и Рио-де-Жанейрэ къалэм 1992 гъэм щызэхашарщ.**

МЫ ІУЭХУМ и къызэгъэпэщакІуэхэм зыхуагъэувыжауэ щыта къалэн пажэхэм ящыщщ экологие щэнхабзэм зегъэужьынымрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкІэм цІыхухэр щыгъуазэ щІынымрэ.

ЩІыуэпсым и щытыкІэм щытепсэлъыхь егъэджэныгъэхэм ди зэманым мыхьэнэшхуэ зэраІэм шэч къытехьэгъуейщ, ЩІы Хъурейм и къэкІуэнур шынагъуэншэу щыгъэтынми ар и джэлэсщ. Арагъэнущ, къэрал куэдым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэу я деж щрагъэкІуэкІхэм зи гугъу тщІы унэтІыныгъэхэм увыпІэшхуэ хухах щІэхъуари.

Урысей Федерацэм а махуэм гулъытэ хэІэтыкІа хуащІ щыхъуар 1996 гъэм къыщыщІэдзауэщ. Абы лъандэрэ, ди къэралым зы илъэс къэмынэу, мэлыжьыхьым и 15 - мэкъуауэгъуэм и 5-хэм («ЩІыуэпсыр хъумэным и дунейпсо махуэр» хиубыдэу), дыкъэзыухъуреихь дунейр шынагъуэншэу щыгъэтыным хуэгъэза Іуэхугъуэхэр щрагъэкІуэкІ.

ЦІыхухэм экологие щІэныгъэ егъэгъуэтыным и махуэм дэнэкІи щыІэ гъэсакІуэ-егъэджакІуэхэм сабий садхэм, курыт школхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, нэгъуэщІхэми щІыуэпсым и щытыкІэм щытепсэлъыхь зэхыхьэхэр къыщызэрагъэпэщ, зэпеуэ гъэщІэгъуэнхэр щрагъэкІуэкІ, Іэгъуэблагъэр зэлъыІурагъэх, жыгыщІэхэр щыхрагъасэ.

**ХЬЭТЫКЪУЭ ЩэуапцІэ.**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэр 2016 гъэм накъыгъэм и 12 - 31-хэм цІыхухэм зэраІущІэнур**

| Махуэр | Зэманыр | ЦІыхухэм яхуэзэнур | Телефонхэр |
|---|---|---|---|
| Накъыгъэм и 12-м | 10.00-13.00 | Охов Анатолий Леонид и къуэр | 77-27-46 |
| | 14.00-17.00 | Павленкэ Владимир Порфирий и къуэр | 77-28-44 |
| Накъыгъэм и 13-м | 10.00-13.00 | Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэр | 77-68-23 |
| | 14.00-17.00 | Скакунов Виктор Николай и къуэр | 77-28-44 |
| Накъыгъэм и 16-м | 10.00-13.00 | Темыркъан Борис Хьэту и къуэр | 77-27-46 |
| | 14.00-17.00 | Тхьэзэплъыж Мурат ТІулэ и къуэр | 77-28-44 |
| Накъыгъэм и 17-м | 10.00-13.00 | Уянаев Борис Биязлука и къуэр | 77-27-46 |
| | 14.00-17.00 | Хьэжы Руслан Мухьэмэд и къуэр | 77-28-44 |
| Накъыгъэм и 18-м | 10.00-13.00 | ХьэфІыцІэ Мухьэмэд Мусэбий и къуэр | 77-27-46 |
| | 14.00-17.00 | ХъуэкІуэн Мурат Хьэзрэталий и къуэр | 77-28-44 |
| Накъыгъэм и 19-м | 10.00-13.00 | Хутуевэ Светланэ Хьэнэфий и пхъур | 77-27-46 |
| | 14.00-17.00 | Целоусовэ Анусэ Азэмэт и пхъур | 77-27-46 |
| Накъыгъэм и 20-м | 10.00-13.00 | Шабаев Леви Меир и къуэр | 77-68-23 |
| | 14.00-17.00 | Шапкинэ Любовь Анатолий и пхъур | 77-26-46 |
| Накъыгъэм и 23-м | 10.00-13.00 | Щэрдан Нодар Іэбу и къуэр | 77-27-46 |
| | 14.00-17.00 | Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд Хьэбас и къуэр | 77-27-46 |
| Накъыгъэм и 24-м | 10.00-13.00 | Энеев Мэхьмуд Узеир и къуэр | 77-27-46 |
| | 14.00-17.00 | Ету Залинэ Хьэмидбий и пхъур | 77-67-62 |
| Накъыгъэм и 25-м | 10.00-13.00 | Абшаев Магомет ТІэхьир и къуэр | 77-28-44 |
| | 14.00-17.00 | Атмурзаев Магомед Мэжид и къуэр | 77-27-46 |
| Накъыгъэм и 26-м | 10.00-13.00 | Ашэбокъуэ Дамирэ Арсен и пхъур | 77-27-46 |
| | 14.00-17.00 | Бажэ Дотий Мустэфа и къуэр | 77-27-46 |
| Накъыгъэм и 27-м | 10.00-13.00 | Беловэ Наталье Сергей и пхъур | 77-27-46 |
| | 14.00-17.00 | Беппаев Суфян Узеир и къуэр | 77-68-23 |
| Накъыгъэм и 30-м | 10.00-13.00 | БытІэ Хьэчим Ахьмэд и къуэр | 77-27-46 |
| | 14.00-17.00 | Бобылев Валентин Николай и къуэр | 77-68-23 |
| Накъыгъэм и 31-м | 10.00-13.00 | Болэт Арсен Хьэбыж и къуэр | 77-27-46 |
| | 14.00-17.00 | Вэрокъуэ Владимир Хъалид и къуэр | 77-27-46 |

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Берд Хь. А.** зи щхьэ ІуэхукІэ къекІуалІэхэм яхуозэ бэрэжьей къэс сыхьэти 10-м щегъэжьауэ сыхьэт 13-м нэсыху (77-69-93 телефонымкІэ мэпсалъэри зрагъэтх).

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и къуэдзэхэр цІыхухэм хуозэ:

**Федченкэ Л. М.** - гъубж къэс сыхьэт 14 - 16-хэм (телефоныр: 72-07-80);

**Аттаев Ж. Ж.** - махуэку къэс сыхьэт 14 - 16-хэм (телефоныр: 42-05-20).

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Дэнэ сыт къыщыхъуа?

# Езыращ жыгъейр!

**Ерыскъы щащэ тыкуэныр зейм улахуэмкIэ къытехуа щIыхуэр псори зэхэту килограммищ хъу тумэн ахъшэ жыгъейхэмкIэ ипшыныжащ.**

АПХУЭДЭ щIыхуэ «хьэлъэ» Томск и суд приставхэр иджыри Iуууатэкъым. Ауэ Iуэхур къызэрыгуэкIыу къыщIэкIащ. Тыкуэныр зейм сатуущI цIыхубзыр Iуигъэкlащ, ауэ иужьрей мазэм хуэзэ лэжьапщIэр - сом мин 16-р - иритакъым. ЦIыхубзым судым зыхуигъэзащ.

ХьэрычэтыщIым щIыхуэр къритыжащ. АрщхьэкIэ бзаджагъэ зэримыхьэн хузэфIэкIакъым - сом мини 10,5-р тумэнитху, тумэнипщI, сом щитху зэкIэрыту, адрейр тумэн ахъшэ жыгъейуэ иритащ, - жеIэ областым и суд приставхэм я IэнатIэм и унафэщI Томрачёвэ Татьянэ. - Полиэтилен къэп цIыкIуитIым ирикIутащ. Яшэчмэ, килограммищ хъурт! Ауэ тыкуэныр зейр пхуэгъэкъуэншэнукъым: хабзэм хуит уещI улахуэр ахъшэ жыгъейуэ ептынуи. Жыгъейри ахъшэщ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ тыкуэныр зейм илъ ищIэжащ, ауэ гугъу ехьар суд приставхэрщ. Абыхэм килограммищыр - ахъшэ жыгъей 550-р щIэрыщIэу къабжыжын хуей хъуащ. ИужькIэщ банкым щахьар.

**АКТАБАЕВЭ Татьянэ.**
*«КП - Томск»*

● Ди гъунэгъухэм я деж

# Зы унагъуэу мэпсэу

**ГуфIэгъуэхэр къуажэ пхыдзахэм хуабжьу щагъэлъапIэ хабзэщ: ерыскъышхуэ къыщаIэт, хьэщIэ куэд щрагъэблагъэ. Дэ ар хьэкъ тщыхъуащ Ставрополь крайм и Красногвардейскэ районым хыхьэ Среднее къутырым щыIэ «Заря» колхозым и юбилейм дыхэта иужь.**

### Орденыбгъэхэр

Къутырым щыпсэухэм я дежкIэ колхозыр адэ пэлъытэщ. Ахъшэфl къыщалэжь, зыхэпсэукIынухэр къаIэрохьэ, я къэкIуэнуми тегузэвыхьыркъым. Ар къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 40 зэрырикъур ягъэлъэпIэну къызэхуэсащ абы и лэжьакIуэхэр, къутырым щыпсэухэр, апхуэдэу яхуеблэгъащ хьэщIэ куэд.

- Сэ быдэу си фIэщ мэхъу щIым тележьыхь цIыхум псоми я гулъытэ ялъэIэсын зэрыхуейр, - жиIащ колхозым и тхьэмадэ Карякин Юрий. - Абы къыхэкIыу сызэрывэхъуэхъум къыщымынэу, ину берычэт бесын вжызоIэ фемытIысэхыу фызэрылажьэм, шыIэныгъэ зэрыфхэлъым, мэкъумэшыщIэ къалэным фызэрыхуэпэжым къыхэкIыу. Щхьэхуэу фIыщIэ яхузощI дыкъызэтенэнымкIэ, лъэ быдэкIэ дыувынымкIэ къыддэIэпыкъуахэм. Ахэр Красногвардейскэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ Ишков Константин, «Родина» колхозым и унафэщI Душкэ Лидие, «Сыродел» ОАО-м и тхьэмадэ Вильготский Александр сымэщ. Абыхэм къадэкIуэу, псалъэ гуапэхэр хуэфащэщ лъэныкъуитIми ди фейдэ хэлъу илъэс куэд хъуауэ дызыдэлажьэ «Россельхозбанк-м».

Тхьэмадэм къызэрилъытэмкIэ, иужь илъэсхэм къахьа ехъулIэныгъэхэм ящыщу нэхъыщхьэщ колхозыр зыми и бжьэ щIэмыувэу щхьэхуэу къызэрызэтенар. Хозяйствэм сыт щыгъуи и узэщIакIуэу щытащ цIыхухэр. ЛэжьакIуэ 20-м щIигъум зэман зэмылIэужьыгъуэхэм орденхэмрэ медалхэмрэ къыхуагъэфэщащ. Илъэс куэдкIэ гъэш фермэм и унафэщIу лэжьа Улаев Владимир Ленин орденыр къратащ, «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэр къыфIащащ жэмыш Бухтияровэ Марие, абы и лэжьэгъу Карасёвэ Еленэ и бгъэм Лэжьыгъэ ЩIыхьым и орденитI хэлъщ. ЛэжьакIуэ куэдым къыхуагъэфэщащ крайм и губернаторым, Ставропольем и Думэм, Урысеймрэ щIыналъэмрэ мэкъумэш хозяйствэмкIэ я министерствэхэм я щIыхь тхылъхэр.

### Зиужь зэпыту

- 70 гъэхэм ди къэралым гулъытэшхуэ дыдэ щыхуащIу щытащ мэкъумэш хозяйствэм, - жиIащ «Заря» колхозым и япэ тхьэмадэу щыта Зиновьев Иван. - ПIалъэ кIэщIым пхуимыудыжын зэгухьэныгъэу дызэфIэуващ. Сэ сыщогуфIыкI Iуэхум кууэ хэзыщIыкI Карякин Юрий мы зэманым унафэр зэрыIэщIэлъым.

Карякиныр илъэс 25-рэ хъуауэ колхоз Iэтащхьэу мэлажьэ. Абы и унафэм щIэту зэхъуэкIыныгъэфI дыдэхэр екIуэкIащ, къуажэдэсхэм я псэукIэм зеузэщI.

Хозяйствэм и лэжьыгъэм увыпIэшхуэ щеубыд Iэщ гъэхъуным. Жэм лъэпкъыфIу 600-м щIигъу иIэщ, абыхэм я зэхуэдитIыр къаш.

Дауи, псом япэ ирагъэщыр цIыхухэм хуащI гулъытэрщ. Колхозым щIыхуэ къызытринэркъым къутырыр егъэфIэкIуэн и лъэныкъуэкIэ: гъуэгухэр зэрегъэпэщыж, лъэсырыкIуэ уэрамхэм асфальт трелъхьэ. ЩэнхабзэмкIэ унэр иджыри къэс зэрылажьэр абы и ахъшэщ. Иджыблагъэ сабий джэгупIэ яухуащ. Уи фIэщ пщIыну гугъущ, ауэ колхозым и лэжьакIуэхэм псым пщIэ щIатыркъым. Пенсионерхэри ящыгъупщэркъым - абыхэм щхьэхуэ-щхьэхуэу ядоIэпыкъу.

Лэжьыгъэ ЩIыхьым и орденым и етIуанэ нагъыщэр зезыхьэ Рудяков Пётр колхозым илъэс куэдкIэ шофёру щылэжьащ, иджы пенсионерщ. Абы фIыуэ ещIэж «Заря»-р къыщыунэхуа, къутырым электрокъару, газ щыдаша, унэхэр щащIа зэманыр. «Зы унагъуэу дыпсэуащ, - жеIэ абы - ноби аращ».

**ТОКАРЕВЭ Александрэ.**
*«Аргументы и факты»*

● Зауэ

# Илъэси 6 ирикъуа къудейт

## Дамыгъэ лъапIэхэр зратахэм я нэхъыщIэ дыдэр лIыукIхэм къазэрыIэщIэкIар

**Алешков Серёжэ и къекIуэкIыкIар тхылъым е фильмым лъабжьэ зэрыхуэмыхъуар телъыджэщ. Зауэр иухыу и ныбжьыр илъэси 8 щрикъуам абы и нэгу щIэкIам хуэдиз зи пщIыхьэпIэ къыхэмыхуа балигъхэр мащIэтэкъым...**

... 1942 гъэм и бжьыхьэ. Калугэ область, Ульяновск район, Грынь къуажэ. Фашистхэм щIыналъэр яубыдат, ауэ къуажэр мэз Iувым хэсти, бийхэр шынэрт абы кIуэн. Мис а къуажэ цIыкIур партизанхэм я хэщIапIэ хъуащ. Серёжэ и анэмрэ илъэси 10 зи ныбжь и къуэш нэхъыжьымрэ яхэту абыхэм яхыхьащ Грынь щыпсэу псори. Абыхэм тIасхъэщIэх лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIырт. Пщэрылъ щащIа къалэнхэм ящыщ зыр щагъэзащIэм зэанэзэкъуэр яубыдащ, яубэрэжьри, щхьэпылъэ ящIащ.

Махуэ зыбжанэ дэкIри, къуажэм къебгъэрыкIуащ фашистхэр. Абыхэм загъэпщкIуну хунэмыса псори яубыдырт, фэтыджэн кърақIэкIырти, унэхэр ягъэсырт. ЩIалэ цIыкIур телъыджэу къелащ: щхьэгъубжэм къыдэлъри щIэпхъуащ. Абы кIэлъыуащ, арщхьэкIэ яхутегъэхуакъым. Серёжэ яIэщIэкIащ.

### Полкым и къуэ

Катаевым и «Полкым и къуэ» повестми къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу, Серёжэ махуэ зыбжанэкIэ мэзым щIэтащ. Гъуэгухэм техьэн шынэрт, и нэхэр зыдэплъэмкIэ кIуэрт. МэжалIэрт, пIыщIэрт, и къарур иухат. Ауэ мы зэм щIалэ цIыкIум и кIэн къикIащ: никъуэлIэ хъуа сабийм Iууащ 142-нэ гвардие фочауэ полкым и тIасхъэщIэххэр. ЩIалэ цIыкIур частым яхьащ, ягъэшхащ, яхуэпащ. Серёжэ езым къыщыщIар зауэлIхэм щажриIэжым псоми къагурыIуащ: Iыхьлы иIэжкъым, зеиншэщ. Куэдрэ мычэнджащэуи полкым хатхащ.

Уеблэмэ, щIалэ цIыкIум хуэхъун зауэлI фащи хуадащ: Серёжэ екIупсырт галифе щIэрыпсымрэ пилоткэмрэ. ЗауэлI ныбжьыщIэр и нэIэ щIигъэуващ полкым и командир майор щIалэ Воробьёв Михаил. Офицер пхъашэм щIалэ цIыкIур фIыуэ къилъэгъуащ, иужькIэ тхылъкIэ къуэ къищIащ.

Серёжэ и нэ-ипсэт адэ хуэхъуар. Ар, уеблэмэ, хэтт абы и гъащIэр зэтриухуэну. ИкIи къехъулIащ!

- Уэрэ сэрэ ди унагъуэм мамэ зэримысыр си жагъуэщ, - жиIащ зэгуэр Воробьёвым нэщхъейуэ.

Илъэсих зи ныбжь сабийм абы пидзыжынур хьэзырт:

- АтIэ ар Iуэху? Мис сэ сигу ирохь медсестра Нинэ. Ар цIыхуфIщ икIи дахэщ. Си мамэ хъунуи сыхуейщ.

Майорми игу ирихьырт медицинэ къулыкъум и старшина Бедовэ Нинэ. Ауэ, хэт ищIэрэ, щIалэ цIыкIум и псалъэхэр мыхъуамэ, темыгушхуэнкIэ хъунт и гурыщIэхэр абы жриIэн. Арати, Воробьёв Михаилрэ Бедовэ Нинэрэ мыгувэу хьэгъуэлIыгъуэ цIыкIу ящIащ, зауэми щызэгъусащ, ар иуха иужьи лIэжыху зэдэпсэуащ.

### ЗыIыгъ, си адэ!

Полк псом фIыуэ илъэгъуащ илъэсих зи ныбжь зауэлIыр. Ар зэи тхьэусыхэртэкъым, гъыртэкъым, хузэфIэкIымкIэ ядэIэпыкъурт. Уеблэмэ, уэрэдхэр яжриIэрт зауэ IэнатIэм къыIукIыжауэ зызыгъэпсэху зауэлIхэм. Полкыр зэхэуэ гуащIэ дыдэхэр щекIуэкI Сталинград щашами, щIалэ цIыкIум ауи идакъым тылым Iэпхъуэн. И псэм ищIэ хуэдэт ныбжьэгъу къыхуэхъуахэмрэ и адэмрэ къазэрыхуэщхьэпэнур.

Апхуэдэуи къыщIэкIащ. Фашист авиацэм кърадзыха бомбэхэм ящыщ зыр штаб блиндажым и гъунэгъу дыдэу къыщыуащ. Бгыкъухэр къызэтещэхат, и кIуэцIым щIэсахэм ящыщу зыри къемылауэ къыпщыхьурт. Ауэ Серёжэ и фIэщ хъуртэкъым и адэр хэкIуэдауэ. Абы щIыр IэбжьанэхэмкIэ къритхъырт, къутахуэхэр зэбгридзырт.

Ихъуреягъкlэ бомбэхэр къыщыуэрт, топышэхэр щыфийрт. Абыхэм я Iэуалъауэр тIэкIу нэхъ кIащхъэ хъуа иужь щIалэ цIыкIум щэIу макъ къызэхихащ.

- ЗыIыгъ, си адэ! - кIийри, щIэпхъуащ.

Гъунэгъуу зыри щыIэтэкъым, зауэлIхэр игъуэлъхьат окопэ жыжьэм. ЩIалэ цIыкIум абыкIэ иунэтIащ топышэхэм я фий макъхэр къыфIэмыIуэхуу. Сэлэтхэр къиишащ. Абыхэм къутахуэхэр зэбграхыху Серёжэ лъэныкъуэкIэ щытащ гъыуэ. Абы щыгъуэ къыщIэкIынущ зауэлIхэм япэ дыдэу щIалэ цIыкIум и нэпсхэр щалъэгъуар. Контузие зыгъуэта Воробьёв Михаил псэууэ къыщIатIыкIыжащ.

И нэпсхэр илъэщIыжри, Серёжэ къэгуфIэжащ.

Адэ хуэхъуар полкым и къуэм къызэрыригъэлар армэ псом щызэлъащIысащ. Ар къызэрищIэу генерал Чуйковым щIалэ цIыкIум кIэрахъуэ тыгъэ къыхуищIащ.

### Зэрынэжэгужэм папщIэ

НыбжьыщIэ хахуэр мызэ-мытIэу хэкIуадэ пэтащ. АрщхьэкIэ ар къызэтригъэувыIэртэкъым шынагъуэм: сыт щыгъуи хущIэкъурт пэрытхэм яхэтыну. 1942 гъэм и щэкIуэгъуэм бийр Серёжэ и ротэм лагъымыдзхэмкIэ къеуащ. ЗауэлI зыбжанэ хэкIуэдащ, щIалэ цIыкIум и лъакъуэм къутахуэ къытехуащ. УIэгъэщым яшащ, ауэ хъужа иужь, унэ хуэхъуа полкым игъэзэжащ. Ар ирагъэблэгъэжащ лIыхъужьым хуэдэу. Сатыру ягъэува сэлэтхэм я пащхьэм командирыр къыщеджащ Алешков Серёжэ «Зауэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» медалыр етыным теухуа унафэм. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ар уващ полкхэм я къуэхэм ящыщу уIэгъэ хъуа икIи медаль зрата нэхъыщIэ дыдэу. ГъэщIэгъуэнщ, ауэ унафэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, медалыр абы хуагъэфэщащ майорыр къызэрыригъэлам и мызакъуэу, «сыт щыгъуи нэжэгужэу, нэфIэгуфIэу зауэлIхэр игъэгушхуэу зэрыщытым» папщIи.

Ар иужьрей дамыгъэтэкъым: 1945 гъэм Серёжэ кърататщ «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалыр, 1985 гъэм - Хэку зауэ орденым и 1 нагъыщэр. Ар къыщыхъуар иужькIэщ. Ауэ, абы щыгъуэм, 1943 гъэм, сэлэтхэр зэбгрыкIыжа иужь Воробьёвым тхIийуэ жиIащ: сабийм зауэм щищIэн щыIэкъым. Хэт емылъэIуами, жиIам текIакъым: щIалэ цIыкIур уIэгъэ зэрыхъуам къыхэкIыу апхуэдэ унафэр езым и дежкIэ гугъуу щытми, къищтэным ирихулIауэ къыщIэкIынут. Воробьёв Серёжэ Тулэ дэт Суворов училищэм игъэкIуащ.

Серёжэ афIэкIа фронтым игъэзэжакъым. Училищэм и ужькIэ Харьков юридическэ институт къыщиухри, адэ-анэ хуэхъуахэу Воробьёвхэ Михаилрэ Нинэрэ щыпсэу Челябинск Iэпхъуащ икIи псэуху прокуратурэм и органхэм хэтащ. Пасэу лIащ - 1990 гъэм: сабиигъуэ хьэлъэмрэ уIэгъэ зэрыхъуамрэ яжь къыщIихуауэ къыщIэкIынущ.

### Гу зылъытапхъэ

Урысей Федерацэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и Архив нэхъыщхьэм къызэритамкIэ, Хэку зауэшхуэм и зэманым фронтым щыIащ зи ныбжьыр илъэс 16-м нэмысахэу мини 3,5-рэ. Абыхэм яхэткъым щэхурылажьэхэм, партизан гупхэм ядэзэуа ныбжьыщIэ хахуэхэр. Къэтхьа бжыгъэм пэжыр къигъэлъагъуэу къыщIэкIынукъым: командирхэм ящыщ куэдым яфIэфIтэкъым езыхэм я деж сабийхэр зэрыщыIэр хэIущIыIу ящIын. Сэлэт ныбжьыщIэ куэдым орденхэмрэ медалхэмрэ хуагъэфэщащ.

**ВЛАДИМИРОВ Евгений.**
*«Комсомольская правда»*

**ЦIыху зыщымыпсэу хытIыгухэр зи хэщIапIэ хъуахэр куэдрэ къол. Иджыблагъэ дунейпсо СМИ-хэм хъыбар къытехуащ Микронезием (хытIыгу 1500-м щIигъу къызэщIиубыдэу Океанием щыщ щIыналъэщ) щыщ зы щIыпIэм американищ къызэрыщрагъэлам теухуауэ. Я кхъуафэжьейр щхьэпридзу щIилъэфа иужь, жилетхэр ящыгъти, ахэр нэсыфащ цIыху зыщымыпсэу хытIыгухэм ящыщ зым. Махуищ дэкIри, ахэр США-м и ВМФ-м и кхъухьлъатэхэм къагъуэтащ.**

● ГъэщIэгъуэнщ

# Дэхуэхахэр телъыджэу къол

КХЪУХЬЛЪАТЭХЭМ я фIыгъэкIэ цIыху къыщрагъэлащ ди Тенджыз Хужьми. Солеветцк къулъшырыфым и лэжьакIуэм МЧС-м зыхуигъэзащ - тенджыз къэукъубеям цIыхуитI зэрыс кхъуафэжьейр къызэригъэзэкIри щIилъэфащ. Махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу зым и хьэдэр къагъуэтащ. АрщхьэкIэ гугъапIэ щыIэт абы и гъусар къелауэ. Ми-8 вертолётым ису хытIыгу цIыкIухэм я щыгухэр къалъэтыхьащ. ИкIэм-икIэжым метри 100 фIэкIа зи мыкIыхьагъ, метр 50-м зи бгъуагъри нэмыс къырым гу щылъатащ цIыхухъум.

Ар хуабжьу лъэрымыхь хъуат, зекIуэжыфыртэкъым. Ауэ ар къалъыхъуэр армырауэ къыщIэкIащ!

ТхьэмахуитI и пэкIэ цIыхухъур езым и кхъуафэжьеймкIэ тенджызым техьат. Къыкъуэуа жьышхуэм кхъуафэжьейр щхьэпридзащ, езы щIалэр есурэ хытIыгум нэсыфащ. Жэщмахуэ 13 абы щигъэкIуащ уэшхыпс ирифу. АпхуэдизкIэ гугъу ехьырти, зиукIыжынуи игу къэкIат. АрщхьэкIэ къегъэлакIуэхэр и чэзум нэсащ.

Апхуэдэ къэхъукъащIэхэм къелхэр цIыхухъухэм я закъуэкъым. ИлъэсипщI зи ныбжь хъыджэбз цIыкIум къыщыщIар нэхъ телъыджэжщ. Абы илъэсих щигъэкIуащ цIыху зыщымыпсэу хытIыгум! Кинематографистхэм Суматрэ и гъунэгъуу щIыуэпсым теухуа фильм трахырт. ИужькIэ абыхэм щеплъыжым гу лъатащ телъыджэ гуэрым - алмэстыуэ къыщIэкIынт. Абы щыгъуэми цIыхубзу фэ тетт. Еджагъэшхуэхэм епIэщIэкIыу хытIыгум ягъэзэжащ. ИкIи пальмэм и тхьэмпэхэр зи бгым ищIа «алмэстыр» къаубыдащ.

Ар балигъ мыхъуа хъыджэбз цIыкIу Имаятиу къыщIэкIащ (и Iыхьлыхэм къацIыхужащ). Илъэсих и пэкIэ и адэмрэ езымрэ зэрыса кхъуафэжьейр щIилъэфат. ХэкIуэда ягугъащ. АрщхьэкIэ хытIыгум и Iуфэм къыщыхутащ икIи абы щыпсэуащ пхъэщхьэмыщхьэ, нэгъуэщI-къинэмыщI ишхыу.

**КАЛЬНИНЭ Оксанэ.**
*«Комсомольская правда»*

# Нэхум и зэранкIэ

**Къалэшхуэхэм щыпсэухэр жейм езэгъыжыркъым. Философием и доктор Охайн Морис я пашэу Стенфорд университетым и еджагъэшхуэхэм илъэси 8-кIэ яджащ ар къызыхэкIым и щхьэусыгъуэхэр.**

АБЫХЭМ хьэкъ ящыхъуащ жейр яфIэкIуэдыныр жэщкIэ зэбгрыдзауэ ягъаблэ уэздыгъэхэм зэразэраныр.

- Дэ уэрамхэр догъаблэ жэщми жыджэру дыпсэун папщIэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ фIыуэ дыжеиныр къызэзыгъэпэщ кIыфIыгъэр дгъэкIуэдащ, - жеIэ Охайн. Жейр зэтезыухуэ мелатониныр къыщытхыхьэр щыкIыфI дыдэм дежщ, ауэ абы дызэрыримыкъум и зэран йокI ди гум и лэжьыгъэм къыщыщIэдзауэ ди гукъыдэжым нэс.

*РИА «Новости»*



### КъэкIуэнум и къалэ

**Ленинград областым етIанэгъэ щыщIадзэнущ иджыри къэс щIыналъэм щымыIа ухуэныгъэ абрагъуэм. Нева псым и Iуфэхэм зыщаIэтынущ къат куэду зэтет унэ дахащэхэм. Псори зэхэту гектар 452-м къыщыунэхуну къалэм псэупIэ фонду метр зэбгъэзэнатIэ меларди 4-рэ мелуан 587-рэ иIэнущ, цIыхуу мини 114-рэ хуэдиз щыпсэунущ. Мыбы щащIынущ къэкIуэну зэманым фIагъкIэ пэхъуну сымаджэщхэр, зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэр щаIыгъ IуэхущIапIэхэр, тIысыпIэ мини 10-рэ 450-рэ зиIэну курыт школу блы, апхуэдэу аптекэхэр, тыкуэн, шхапIэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Уэрамхэр, лъэсырыкIуэ гъуэгухэр зэщIэрэщIэнущ. Къалэр ухуэн илъэс 25-рэ дэкIмэ зэфIэкIынущ.**

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

# ФIэкIыпIэ зимыIэ?

● Пенсэхэр

## Загъэпсэхуну тIысыжыну зызыгъэхьэзыр урысейхэм къажьэхэуэнкIэ хъуну зэхъуэкIыныгъитхур

**Иджы дыдэ белджылы хъуащ Минфиным пенсэ реформэм теухуауэ къыхилъхьэхэр. Ахэр тху мэхъу.**

**1. ПIалъэр**

Пенсэ ныбжьыр къызэраIэтынум теухуа псалъэмакъым десэжащ. Ар фIэкIыпIэ зимыIэщ. Иджы зытепсэлъыхьынур ар зэращIыну щIыкIэрщ: сыт хуэдизкIэ къызэраIэтынур, щыщIадзэнури дапщэщ?

ФинансхэмкIэ министерствэр Iуэхум нэхъ ткIийуэ бгъэдохьэ: пенсэ ныбжьыр цIыхухъухэми цIыхубзхэми папщIэ илъэс 65-м нэгъэсын. Пэжщ, пенсэ щыкIуэ ныбжьыр зэуэ къаIэтынукъым. Ауэ зэрыдэкIуеину псынщIагъми уегъэпIейтей: илъэс къэс, я нэхъ мащIэрамэ, мазихкIэ. Нэхъапэм мы Iуэхум нэхъ щабэу бгъэдыхьэрт: пенсэ ныбжьыр илъэс 63-рэ, хъуурэ икIи илъэс къэс мазищкIэ хагъахъуэу къагъэуву.

**2. Льготэ зиIэхэр гъэмэщIэныр**

СтатистикэмкIэ къызэритымкIэ, Урысейм и пIалъэр къэмысу загъэпсэхуну щотIысыж дэтхэнэ ещанэри - я ныбжьыр илъэс 45-м, 50-м, 55-м фIэкIа нэмысауэ (и IэщIагъэр зыхуэдэм е зэрыцIыхубзым тещIыхьауэ). Абыхэм яхеубыдэ жыргъавэхэм, узыншагъэмкIэ зэран нэгъуэщI IэнатIэхэм пэрытхэм я мызакъуэу, педагогхэри, дохутырхэри, къарузехьэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэри.

КъулыкъущIэхэм къыхалъхьэ льготэхэм ящыщ Iыхьэр щамыгъэIэжыну. ТегъэщIапIэ ящI Iуэхугъуэ зыбжанэ. Япэрауэ, льготэ зиIэхэм захъуэжакъым совет лъэхъэнэм лъандэрэ. ИкIи иджы IэщIагъэ куэдыр нэхъапэм хуэдэу узыншагъэмкIэ зэраныжкъым. ЕтIуанэрауэ, пенсэ кIуар а IэнатIэ дыдэм пэрыту лажьэмэ, льготэм пэкIуэу ират ахъшэр пIалъэкIэ щхьэщах хъунущ.

**3. Мыгъуэр зи мыгъуар улахуэрщ**

Минфиным къащыгуроIуэ бизнес IэнатIэм налогхэр нэхъри къыщаIэт зэрымыхъунур. Псом хуэмыдэу кризисым и зэманым. ЛэжьапIэ зытхэм арыншами улахуэ зэIухам и процент 22-р Пенсэ фондым халъхьэ. Абы къикI ахъшэхэращ иджырей пенсионерхэм нэхъыбэу яIэрыхьэри.

Ауэ цIыху нэхъ щIалэхэм, 1967 гъэм иужькIэ къалъхуахэм, мис а халъхьэхэм ящыщ Iыхьэр езыхэм къыхузэIуаха счёт щхьэхуэхэм къемыупщIу ягъакIуэ. Иужь илъэси 2,5-м ахэр зэхуэщIащ. Иджы Минфиным къыхелъхьэ а зэдауэм кIэ иратыну: процент 22-р зэрыщыту бюджетым ягъэкIуэну (абы зы илъэсым сом мелард 400-м нэс къыдигъэхуэнущ), гъэтIылъыгъэ зыщIыну хуейхэм а къалэныр езыхэм я пщэ далъхьэжыну - ауэ иджы а проценти 6-р лэжьапIэ къезытым къыбгъэдэкIынукъым, атIэ къызыхэкIынур езым и лэжьапщIэрщ. Абы ижь къыщIихунукъэ ди улахуэхэм? А упщIэм и жэуапыр гурыIуэгъуэ си гугъэщ...

**4. Лажьэхэм пенсэр къатехыныр**

Лажьэ пенсионерхэм пенсэ ирамытыну къыхалъхьэ. УщылэжьэфкIэ къару уиIэщ, иджыри ужькъым, пенсэхэр жыгъэкIэ ят ахъшэщ жыхуаIэщ. Мис апхуэдэу йогупсыс.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Урысейм мы зэманым мыпхуэдэ хабзэ щыщыIэщ: зи ныбжьыр пенсэ кIуэгъуэм нэса цIыхур пенсэ щIэмыупщIэу лажьэмэ, абы и улахуэм коэффициентхэр хущIагъу.

Статистикэм тепщIыхьмэ, къэралым щолажьэ дэтхэнэ пенсионер ещанэри. Апхуэдэ щIыкIэкIэ бюджетым ахъшэшхуэ къыдигъэхуэфынкIэ хъунущ. АрщхьэкIэ куэдым улахуэхэр конвертхэм дэлъу иратынущ.

**5. Иумыти, зэфIэкIащ!**

Иджырей пенсэ реформэм и мурад нэхъыщхьэр зыхуэгъэзар бюджетым и ахъшэхэм къыдэгъэхуэнырщ. АтIэ ар дауэ нэхъыфIу зэрызэбгъэхъулIэфынур? КъэфщIащ: иумыти, зэфIэкIащ! Минфиным къыщыхалъхьэ пенсэхэм я индексацэр ягъэмэщIэну. Мы гъэм апхуэдэуи хъуащ. Мазаем жыгъэмкIэ пособиехэм зэрызаIэтар проценти 4 къудейкIэщ (хабзэкIэ зэрыщытын хуея процент 13-м и пIэкIэ). Властхэм къагъэгугъащ гъэмахуэм и кIэм къыхущIагъуну. АрщхьэкIэ мыпхуэдэ щытыкIэм диту дэнэ ахъшэ къыздрахынур?

*КIэухыу.* Минфиным къыхилъхьэхэр журналистхэм къыщащIар ахэр правительствэм Iэрыхьа иужькIэщ. ЗэкIэ абыхэм зыри тепсэлъыхьыркъым. Дызыщыгъуазэр зэман гъунэгъу дыдэм пенсэ Iуэхум унафэ тращIыхьыну зэрызагъэхьэзырырщ.

**БЕЛЯКОВ Евгений.**
*«Комсомольская правда»*

● Ди зэпыщІэныгъэхэр



Сурэтыр Уэхъутэ Александр трихащ.

# Къэрэшей-Шэрджэсым зыщаплъыхь

**Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ныбжьыщІэ гуп Къэрэшей-Шэрджэсым щыхьэщІащ. Ар къызэрагъэпэщащ «Шэрджэс Ренессанс», «Жьэгу» зэгухьэныгъэхэм хэтхэу Жылэгъащтэ Хьэчим, Борэ Аскэр, Къарэ Ратмир сымэ я жэрдэмкІэ.**

ГУПЫР щыІащ Къалмыкъ Юрэ къыщалъхуа Абазакт къуажэм, Черкесск къалэм, Беслъэней къуажэм дэт «Адыгэ анэм» и фэеплъ сыным, зи щхьэхуитыныгъэм щІэзэууэ Урыс-Кавказ зауэм хэкІуэда адыгэхэм я фэеплъ Іуащхьэм, Алий-Бердыкъуэ дэт «Іэдииху и чэщанэ» хьэщІэщ комплексым.

КъШР-м щыІэ адыгэ хасэхэм ящыщ зым хэтхэу Уейкъуэ Абчарэ, Жу Умар сымэ нэгузегъэужьым и лъагъуэхэр гупым ирагъэлъагъуащ, зрагъэплъыхьащ. Ар нэгузыужьу щытащ. Мы Іуэху дахэр къызэзыгъэпэщахэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжар Къалмыкъ Юрэ и ІуэхущІафэхэм, абы и лэжьыгъэхэм, и дуней тетыкІам, и гъащІэм къытщІэхъуэ щІэблэр щыгъэгъуэзэнырт, къуэш республикэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я щыІэкІэ-псэукІэр къегъэщІэнырт.

КъШР-м гупым къащыпежьащ жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Уэхъутэ Александр. Къалмыкъ Юрэ и фэеплъ сыным деж а цІыху щэджащэм теухуауэ абы куэд къыщиІуэтэжащ, «Адыгэ анэм» и фэеплъым дежи ар хьэщІэхэм ядэгуэшащ тхыдэм теухуа хъыбархэмкІэ, ныбжьыщІэхэр щигъэгъуэзащ Хэку зауэшхуэм и зэманым Беслъэней къуажэм дэс цІыхубзхэм журт сабий 30-м нэблагъэ нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм щахъумауэ зэрыщытам. ИужькІэ абы гупыр щигъэхьэщІащ Черкесск дэт шхапІэхэм ящыщ зым. Уэхъутэм ныбжьыщІэхэм тыгъэ къахуищІащ адыгэ тхакІуэхэм, усакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр щызэхуэхьэса тылъхэр.

Зы махуэ зекІуэр ныбжьыщІэхэм ягу ираубыдащ, сыту жыпІэмэ куэд ялъэгъуащ, къащІащ, езыхэри жыджэру Іуэхум хэтащ. ХьэщІэхэми хэгъэрейхэми къызэрыхагъэщащи, ди лъэпкъыр дяпэкІэ нэхъ зэпыщІауэ щытынымкІэ мыпхуэдэ Іуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ. ЗекІуэм хэтахэр къыщежьэжым, нэхъыжьхэр хъуэхъуащ мыпхуэдэ зэкІэлъыкІуэр кІыхь хъуну!

**НАФІЭДЗ Мухьэмэд.**

# «Спартак-Налшыкым» зеІэтыж!

*(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).*

**«Краснодар-2» (Краснодар) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0. Краснодар. «Краснодар» стадион. Накъыгъэм и 10-м. ЦІыху 500 еплъащ.**

***«Краснодар-2»:*** Кавлинов, Старков, Татаев, Марченкэ, Стежко, Фомин, Борисов (Байрамян, 81), Моргунов, Григорян, Квеквескири (Игнатьев, 60), Комличенкэ.

***«Спартак-Налшык»:*** Антипов, Соблыр, Мурачёв, Дашаев, Тебэрды, Балъкъэр, Гъурф (Дроздов, 59), ДзыхьмыщІ (Багъэтыр, 81), Крамаренкэ (Ахриев, 74), Бажэ (ЛІуп, 81), Гугуев (Кузнецов, 90+2).

Дагъуэ къыхуащІащ Комличенкэ, Дашаевым, Гъурфым, Кавлиновым, Стежко.

«СПАРТАК-Налшыкым» и очко гъэтІылъыгъэхэм Іэмал къратырт къэнэжа джэгугъуиплІым зэ фІэкІа щытемыкІуэми бжьыпэр зыІэрагъэхьэну. АрщхьэкІэ и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэ «ІэфІыпсыр» «къыдэІэпыкъуащ» - иужьрей зэІущІитІри абы иригъэхьэхуащ. КъагурыІуауэ къыщІэкІынут налшыкдэсхэм армырами зэрылъэщІэмыхьэжыфынур.

Ди щІалэхэр иужьу «Краснодар-2»-м ІущІат. Ар хьэрхуэрэгъу лъэщт икІи «Ипщэ» гупым ещанэ увыпІэр щызыІыгът. Абы щхьэкІэ къэмынэу «Спартак-Налшыкыр» япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ лъэщу ебгъэрыкІуащ. Топхэр дагъэкІыну Іэмал гъуэзэджэхэр яІащ ДзыхьмыщІ Марат, Гугуев Магомед, Бажэ Амир, Багъэтыр Альберт сымэ, адрей ди щІалэхэми. АрщхьэкІэ хэгъэрейхэм я гъуащхьэтетым ахэр ефІэкІыфакъым. Краснодардэсхэм я ебгъэрыкІуэныгъэ зэкъуэтІакъуэри ди гъуащхьэхъумэхэм къызэпаудащ.

Арати, бжыгъэр къызэІуамыхауэ джэгур иухащ. АдэкІэ пэплъэн хуейт нэхъ кІасэу зыщІадза «ІэфІыпсымрэ» «Черноморец»-мрэ я зэІущІэм крикІуэнум. Ди хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэр абы щытемыкІуэмэ, япэ дивизионыр «Спартак-Налшыкым» и Іэрылъхьэт.

«ІэфІыпсыр» темыкІуам и закъуэкъым, атІэ и стадионым новороссийскдэсхэр щызэригъэфІэкІащ. Абы къикІырт зэхьэзэхуэм къащыхуэнэжа джэгугъуищым къарикІуэм емылъытауэ етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым ди щІалэхэм бжьыпэр зэрыщаубыдар. Япэ дивизионым хуэзышэ гъуэгур къызэІухащ. Иджы абы зэрыхэтын мылъку зэрызэрагъэпэщыным хущІэкъун хуейуэ аращ. Фигу къэдгъэкІыжынщи, илъэситІ ипэкІэ «Спартак-Налшыкыр» езыр хуейуэ япэ дивизионым къыщІыхэкІыжар зэхьэзэхуэм трагъэкІуэдэн ахъшэ зэримыІаращ - ар иджырейм нэхърэ хуэдэ зытхухкІэ нэхъыбэнущ. Иджы Іуэхум фІы и лъэныкъуэкІэ зихъуэжыну дыщыгугъынщ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм хыхьэу гъубж кІуам зэхэта джэгугъуэм крикІуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Алания**» (Владикавказ) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **2:2**, «**Тэрч-2**» (Грознэ) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **0:0**, «**ІэфІыпс**» (ІэфІыпс) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **0:1**, «**Астрахань**» (Астрахань) - **МИТОС** (Новочеркасск) - **2:2**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **3:0**, **СКА** (Дон Іус Ростов) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **2:1**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр накъыгъэм и 17-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» къригъэблэгъэнущ зэхьэзэхуэм зэрыщІидзэрэ къыкІэлъеІа «ІэфІыпсыр». Топджэгум дихьэххэм Іэмал яІэнущ зэпеуэм пашэныгъэр щызыІэрагъэхьауэ къекІуэлІэжа, фІыуэ ялъагъу командэр Іэтауэ крагъэблэгъэжыну.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

*Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФІ. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Спартак-Налшык»** | **23** | **18** | **4** | **1** | **37-6** | **56** |
| 2. | «ІэфІыпс» | 23 | 14 | 3 | 6 | 32-24 | 45 |
| 3. | «Краснодар-2» | 23 | 12 | 5 | 6 | 44-24 | 41 |
| 4. | «Черноморец» | 23 | 12 | 5 | 6 | 32-21 | 41 |
| 5. | «Ангушт» | 23 | 9 | 7 | 7 | 20-17 | 34 |
| 6. | СКА | 23 | 9 | 5 | 9 | 26-21 | 32 |
| 7. | «Мэшыкъуэ-КМВ» | 23 | 8 | 5 | 10 | 21-28 | 29 |
| 8. | «Динамо-Ставрополь» | 23 | 7 | 8 | 8 | 26-26 | 29 |
| 9. | «Тэрч-2» | 23 | 7 | 7 | 9 | 31-27 | 28 |
| 10. | «Биолог-Новокубанск» | 23 | 6 | 6 | 11 | 19-32 | 24 |
| 11. | МИТОС | 23 | 6 | 5 | 12 | 27-39 | 23 |
| 12. | «Астрахань» | 23 | 5 | 6 | 12 | 23-39 | 21 |
| 13. | «Дружба» | 23 | 5 | 5 | 13 | 20-37 | 20 |
| **14.** | **«Алания»** | **23** | **4** | **8** | **11** | **16-33** | **20** |



Іуащхьэмахуэ лъапэ щызэфІэкІащ Red Fox Elbrus Race VIII дунейпсо фестивалыр. Ар теухуауэ щытащ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 71-рэ зэрырикъум.

● Скайраннинг

# Совет сэлэтхэм я щІыхькІэ

МАХУЭШХУЭМ ирихьэлІэу зэхаубла скайраннингымкІэ зэхьэзэхуэм хэтащ къэрал 14-м къикІа спортсмен 400-м щІигъу. Метр минитІ нэхърэ мынэхъ лъахъшэ бгым псынщІэу дэжеинымкІэ мы спорт лІэужьыгъуэр илъэси 8 ипэкІэ Іуащхьэмахуэ лъапэ къыщыунэхуащ икІи абы псынщІэу дуней псом зыщеубгъуащ.

Зэпеуэр хуабжьу удэзыхьэхыу икІи гуащІэу екІуэкІащ. Абы бжьыпэр щиубыдащ Эквадорым щыщ Эглофф Карл. Европэм и Іуащхьэ нэхъ лъагэ дыдэм ар сыхьэти 3-рэ дакъикъэ 44-рэ секунд 43-м дэжеящ, метр 2350-м щригъажьэри 5642-м нэсыху.

ЕтІуанэу Іуащхьэмахуэ и щыгум нэсащ ди хэкуэгъу Шкель Виталий. Ар текІуам къызэрыкІэрыхуар дакъикъи 7 иримыкъущ. Швейцарием къикІа Эгли Паскаль жэз медалыр лъысащ.

ЦІыхубзхэм я зэпеуэм пашэныгъэр щиубыдащ Свердлов областым щыщ Зеленовэ Дианэ. Сыхьэти 4-рэ дакъикъэ 43-рэ секунд 17-рэ абы тригъэкІуэдащ Іуащхьэмахуэ дэкІыным. Зеленовэм къыкІэлъокІуэ Испанием и Каталоние щІыпІэм щыщ Рибэ Мартэрэ Сочэ къикІа Стефанишинэ Оксанэрэ.

Іуащхьэмахуэ куейм и щІыпІэ администрацэм и пресс-ІуэхущІапІэм и унафэщІ Тарим Алисэ щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэм удэжеину хуабжьу хьэлъэ пэтми, абы иужь ихьахэм ящыщу зи гъуэгуанэр нэзымыгъэса зыри къахэкІакъым.

Фестивалыр гуфІэгъуэкІэ щызэхуащІыжым кърихьэлІат Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ Іуащхьэмахуэ куейм и администрацэмрэ щыщхэр. «Гуапэщ зэхьэзэхуэм хэта псоми ар ТекІуэныгъэ Иным фэеплъ зэрыхуащІар, - къыхигъэщащ Іуащхьэмахуэ куей администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Атакуев Руслан. - 1945 гъэм и накъыгъэм совет сэлэтхэм къытхуахьа мамырыгъэр зыми къызэпимыудыфыну Тхьэм жиІэ!»

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

● Шыгъажэ



# Саугъэт нэхъыщхьэр Къэзахъстаным яшэ

**Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэр щагъэлъапІэм ирихьэлІэу Налшык дэт ипподромым къыщызэІуахащ мыгъэрей шы къэжэгъуэ лъэхъэнэр. Шыгъажэм хуэзэша ди республикэм и цІыхухэр абы изу къекІуэлІат.**

ГУ ЛЪУМЫТЭУ къанэртэкъым нэгъабэ лъандэрэ ипподромым зэхъуэкІыныгъэ игъуэтахэм - шыхэр къыщыжэ гъуэгуанэхэр, цІыхухэр зэрыс трибунэхэр, шы увыпІэхэр ирагъэфІэкІуат.

2016 гъэм ди ипподромым щекІуэкІыну шыгъажэхэм я япэ къэжэгъуэр лъагъэсащ илъэсищ зи ныбжь шыхэм. Ахэр щІэбэнащ «Май» саугъэтым. Метр 1600-рэ зи кІыхьагъ гъуэгуанэр япэу къызэпичащ УФ-м и Президентым и саугъэтыр къэзыхьауэ щыта Маномах къытехъукІа Херувим. «Налшык» хьэлвэ заводым и гъэхъуныр финишым щефІэкІащ «Эльбрус» шы спорт клубым и гъэхъун Монтенегрорэ «Восход» шы заводым къыщыхъуа Эриомаррэ (иужьрейри къызытехъукІар Маномахщ). 1 дакъикъэрэ секунд 43,1-кІэ къэса Херувим къигъэжащ мастер-шууей Пэнжокъуэ Рустам.

Шыгъажэм еплъыну къекІуэлІахэр къыкІэлъыкІуэу кІэлъыплъащ Мэлбахъуэ Тимборэ и саугъэтыр къэхьыным хухэха къызэджэм. ЗэпэщІэтыныгъэм хэта шихым ящыщу япэу къэсащ куэдым зыхуамыгъэфэща Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къыщалъхуа, «Малкинский» шы заводым щагъэхъу Бен Джонсон. Метр 1200-рэ зи кІыхьагъ гъуэгуанэр абы къызэпичащ 1 дакъикъэрэ секунд 16,72-кІэ. Шыр къигъэжащ Шыкъ Астемыр. Апхуэдэ гъуэгуанэ дыдэм щызэпеуащ ислъэситІ ныбжьым ит шыбзхэр. Абы пашэ щыхъуащ япэу ди ипподромым къыщыжа Штром Оф Рейс.

АдэкІэ нэхъ пщІэшхуэ зиІэ къызэдэжэхэм щІадзащ. Метр 1200-м Гонор и саугъэтыр къэхьыным щыщІэбэнащ илъэсищ зи ныбжь шыхэр. «Малкинский» шы заводым и гъэхъун Волчаро а къэжэгъуэм япэу къызэрыщысар зыми игъэщІэгъуакъым, нэхъ лъэщ къызэдэжахэм яхэттэкъым. Абы тесащ Шыкъ Астемыр.

Метр 1400-м щызэныкъуэкъуащ илъэсищ хъу шыбзхэр. Струна и саугъэтыр къэхьыным хухэха къэжэгъуэм кІэлъыплъахэм гъэщІэгъуэн ящыхъуащ япэу зэхьэзэхуэм хэта Ингушым къикІа Тали Роуз и ехъулІэныгъэр. Ар текІуэныгъэм хуашащ мастер-тренер Къардэн Алимрэ мастер-шуей Каппушев Магомедрэ.

ИкІэм-икІэжым а махуэм и зэдэжэ нэхъыщхьэм и чэзур къэсащ. Шыгъажэ лъэхъэнэр къызэрызэІуахам и саугъэтыр къэхьыным метр 1400-рэ гъуэгуанэм щыщІэбэнащ илъэсищ зи ныбжь шыхэр. Зэхьэзэхуэм дихьэххэм гугъэ хуащІырт «Налшык» хьэлвэ заводым щагъэхъу Сонар Прадорэ Сэкрэк Заур и Нартан шымрэ. Ауэ дэнэт?! Къэжэгъуэм зэрыщІидзэу пашэныгъэр зыубыда Къэзахъстаным къикІа Аманат зыри япэ иригъэщакъым икІи саугъэт нэхъыщхьэр зыІэригъэхьащ. Абы кІэлъыплъахэм ягу ирагъэфІыну хэлъар зыщ - шыр зыгъасэр мастер-тренер Мэзыхьэ Хьэчимщ, къэзыгъэжар мастер-шууей Къэжэр Амирщ.

АдэкІэ япэу шыгъажэм хэт илъэсищ зи ныбжь шыхэр щІэбэнащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь Евтушенкэ Николай и цІэкІэ ягъэува саугъэтым. Метри 1800-рэ зи кІыхьагъ гъуэгуанэр япэу къызэринэкІащ Быф Анатолэ ей, «Малкинский» шы заводым къыщалъхуа Араик. Ещанэу и ехъулІэныгъэр игъэлъэпІащ шуей Шыкъым.

Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэм и саугъэтыр щагъэджэгуащ шыгъажэм и ветеранхэу илъэсиплІ нэхърэ нэхъыжь шыхэм я деж. Къыдэжахэм зы Іэмали яритакъым Сэкрэк Заур иш Кану икІи текІуэныгъэр зыІэригъэхьащ.

Шыгъажэ махуэр иризэхуащІыжащ шы нэхъыжьхэм я зэдэжэмкІэ. КилометритІ зи кІыхьагъ гъуэгуанэм къыдытетахэм ефІэкІащ «Малкинский» шы заводым и гъэхъун Голден Хало. Къызэдэжэм и пэщІэдзэм къыщыщІэдзауэ финишым къэсыху зытеса шым зыри япэ иригъэщагъым текІуэныгъэ еплІанэр къэзыхьа Шыкъ Астемыр.

Шыгъажэр щызэпагъэуахэм деж къекІуэлІахэм уэрэд дахэхэмкІэ я нэгу зрагъэужьащ Къэбэрдей-Балъкъэр эстрадэм и артистхэм.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

*Сурэтыр* **Толгуров Камал** *трихащ.*

● ТхылъыщІэ

# Хэхэс адыгэхэм я щІэблэм теухуауэ

**Лъахэхутэхэу Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ Къандур Мухьэдин и «Дети диаспоры» тхылъыр. Ар томих хъу, «Сабля Чечни», «Казбек», «Тройной заговор», «Балканская история», «Революция» романхэр зыхыхьэ «Черкесская сага» серием и иужьрей Іыхьэщ.**

ТХЫЛЪ тедзапІэм и редактор нэхъыщхьэ Котляров Виктор зэрыжиІэмкІэ, Къандур Мухьэдин Кавказым ис лъэпкъхэм я тхыдэр къызэщІэзыкъуэжа тхакІуэщ. Абы и адэжьхэр япэщІыкІэ Уэсмэн къэралыгъуэм, иужькІэ Иорданием Іэпхъуащ.

Къандур Мухьэдин иджыри ныбжьыщІэу Америкэм и Штат Зэгуэтхэм кІуэри Индианэ, Калифорние университетхэм щеджащ, дунейпсо къэхутэныгъэхэмкІэ магистр, иужькІэ тхыдэ, экономикэ унэтІыныгъэхэмкІэ доктор нагъыщэр къыхуагъэфэщащ. Хьэрычэт Іуэхухэм пыщІауэ Нью-Йоркрэ Лондонрэ илъэс зыбжанэкІэ щылэжьащ, Голливудым сценарист, кинорежиссёр ІэщІагъэхэм и зэфІэкІ щеплъыжащ. Ар куэдым композитору къацІыху, и лэжьыгъэхэр Урысейм, Инджылызым, Японием, дуней псом и нэгъуэщІ щІыпІэхэм щагъэзэщІащ.

Псом хуэмыдэу нэхъ цІэрыІуэ хъуар и литературэ тхыгъэхэрщ - тхыдэ романхэрщ (абыхэм я бжыгъэр иджыпсту 18 мэхъу). Къандур Мухьэдин и зэфІэкІхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым 2008 гъэм къыщалъытащ, «КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ» щІыхьыцІэр къыхуагъэфащэри.

«Дети диаспоры» тхылъым и пэублэ псалъэм авторым зэрыщитхымкІэ, романыр и кІэух хъуащ «си лъэпкъым и цІыхухэм - адыгэхэм, дуней псом адыгэу е шэрджэсу къыщацІыхухэм - ятеухуа тхыгъэхэм. Лъэпкъым и цІыху куэд XIX лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэм Уэсмэн къэралыгъуэм Іэпхъуащ. Абыхэм я щІыналъэр ябгынэн хуей хъуащ илъэси 101-кІэ екІуэкІа, 1864 гъэм иуха зауэм и зэранкІэ.

...Илъэс зыбжанэкІэ къэхутэныгъэхэр езгъэкІуэкІыу щІэныгъэ лэжьыгъэхэр зэрагъэхьэзырым хуэдэу селэжьа нэужь, серием и томихым хэзгъэхьа тхыгъэхэр стхащ. Си гугъэщ романхэмкІэ тхылъеджэм ди тхыдэр нэхъ гурыІуэгъуафІэ щысщІыну, тхылъым щеджэкІэ гупсэхугъуэ игъуэтыну», - итщ пэублэ псалъэм.

«Дети диаспоры» тхылъыр XX лІэщІыгъуэм къэхъуа иужьрей Іуэхугъуэхэм, адыгэхэр здэщыІэ щІыналъэми (Урысейм, Тыркум, КъуэкІыпІэ Гъунэгъум, Америкэм) емылъытауэ, зэфІагъэкІахэм теухуащ. ЛІыхъужь нэхъыщхьэхэр - Алёшэ, Аскэрбий, Альберт - гъащІэм пэжу щыпсэуа, къэмыгупсыса цІыхухэщ.

Тхылъым и бжыгъэр экземпляр 1000 мэхъу.

**БЖЬЫХЬЭЛІ Розэ.**




● Хъуэхъу



***Нобэ къыщалъхуа махуэр зыгъэлъапІэ Къэзан Заремэ Къэрэшей и пхъум дохъуэхъу***

Гъатхэм и дахэр и Іэпэгъуу, бжьыхьэм и бэвыр и жьэгу дэмыкІыу, иІэ фІыгъуэр хуэбагъуэрэ имыІэр къыхэхъуэу илъэс куэдкІэ псэуну. И ІэщІагъэм и хъер илъагъуу, и мурадхэр къехъулІэу, и нэхъыжьхэр хуэузыншэрэ и щІэблэ цІыкІухэм я насып хэплъэу и гъащІэр Тхьэм иригъэхьэкІ!

***И адэ-анэр, гуащэтхьэмадэр, и анэ шыпхъу Розэрэ абы и щхьэгъусэ Мухьэмэдрэ.***

# Теппеев Хъызыр Алим и къуэр

Республикэм и щэнхабзэм и дежкІэ хэщІыныгъэшхуэщ сурэтыщІ Іэзэ, Урысейм и Художникхэм я союзым хэт Теппеев Хъызыр Алим и къуэр дунейм зэрехыжар.



Теппеев Хъызыр 1956 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м Бахъсэн районым хыхьэ Гундэлэн къуажэм къыщалъхуащ. Абы Репиным и цІэр зэрихьэу живописымкІэ, скульптурэмрэ архитектурэмкІэ Санкт-Петербург дэт къэрал институтыр къиухащ, академик Мыльниковым и мастерскойм и ІэщІагъэм щыхигъэхъуащ. Ар Урысейм и Художникхэм я союзым 1995 гъэм хагъэхьауэ щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэзэжа нэужь, абы къаруушхуэ ирихьэлІащ ухуэныгъэхэр монументальнэ живописым и ІэмалхэмкІэ гъэщІэрэщІэным, апхуэдэу живописми емызэшыжу елэжьащ. Теппеев Хъызыр и лэжьыгъэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым, нэгъуэщІ къэрал куэдым я музейхэм щахъумэхэр ди республикэм и художественнэ щэнхабзэм мыхьэнэшхуэ зиІэ и Іыхьэхэм ящыщщ.

Езыр щалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрыр Теппеев Хъызыр и творчествэм щІэщыгъуэу икІи удихьэхыу къыхощ. Сурэтыщым и лэжьыгъэ нэхъыфІхэм ІупщІу щыболъагъу абы ди къуршхэм, езыр къызыхэкІа лъэпкъым и щэнхабзэм яхуиІэ лъагъуныгъэм и инагъыр.

2000 гъэм щыщІэдзауэ Теппеев Хъызыр Тыркум щылэжьащ икІи щыпсэуащ. Абы и творческэ студием и лъабжьэт урысей художественнэ хабзэхэр икІи студием къекІуалІэхэм я Іэзагъым хагъахъуэ куэдейм къыщымынэу, абыхэм Урысейм и художественнэ щэнхабзэми кууэ щыгъуазэ зыхуащІырт. Теппеев Хъызыр и студием и художникхэм я лэжьыгъэхэр 2014 гъэм Париж щагъэлъэгъуауэ щытащ.

Дунейм ехыжа сурэтыщІ Іэзэр дэ зэи тщыгъупщэнкъым.

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкІэ и министерствэ.***

**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Изэ.**

**Езыгъэтхахэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкІ Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.076 ● Заказ №610